

## Sum 41 "Beurit"

Visit "[Beurit](#)" on [MotoLyrics.com](http://MotoLyrics.com)

Ari nu ngaranna beurit  
Loba jelema nu rujit  
Hirup di susukan  
Sagala di gorogotan  
Ti mimiti kue bolu  
Nepi ka sapatu butut  
Beurit beurit  
Ari na ngaranna beurit  
Loba jelema nu rujit  
Da puguh biang penyakit  
Komo deui beurit kota  
Kasebut beurit nyakola  
Galakna kabina-bina  
Tara ningali sasaha  
Hirupna di jero kantor  
Daharna nu kotor kotor  
Kajeun dahar duit jadah  
Asal tempat gawe basah  
Gaji ti kantor disebut teu cukup  
Tunjangan ti kantor disebut teu cukup  
Sagala anu ti kantor kabeh disebut teu cukup  
Beurit nu boga jabatan maraceuh siga nu edan  
Ceunah mah nyiar sampingan  
Meungpeung aya kasempetan  
Di PLN  
Di Depnaker  
Di Pertamina  
Di Kantor Pajak  
Di TELKOM  
Di PDAM  
Ampir di kabeh jawatan aya beurit  
Nepi di sakola sakola aya beurit  
Eta meuruen nu disebut mafia pendidikan teh  
Atuh kudu ku saha nya ngaloporkeun kalakuan  
Beurit siga kitu teh  
Ari sanyaho kuring mah  
Salah sahiji nu di pikasieun ku beurit teh  
Nya ucing  
Tapi sanyaho kuring deui  
Kungsi aya kajadian ti heula  
Aya beurit bangor

Dilaporkeun ka ucing  
Kalahkah diantepkan  
Beurit na ge teu ditegor tegor acan  
Ceuk beja mah  
Ucing oge ayeuna mah geus teu bisa nyarek  
Beurit bangor  
Da unggal bulan atawa unggal tahun  
Si beurit sok mere bagian ka ucing tea!  
Wah hese geus kieu mah  
Kuring oge bingung kudu kumaha  
Da geuning kanyataannya  
Beurit jeung ucing geus sarua balalangor.

Visit [Sum 41](#) page on MotoLyrics.com, to get more lyrics and videos.

---

[MotoLyrics.com](#) | Lyrics, music videos, artist biographies, releases and more.